

Me - Jen 2009

Se Pou Ou Ouvè Avèk Pwoblèm Ou Yo

Pwofesè kòlèg mwen an e mwen te kontan anpil ede yonn lòt prepare bagay yo anvan lekòl te ouvè. Sètènman, pwofesè kòlèg mwen an kèkfwa te genyen lide diferan avèk mwen men, enben, mwen te panse, sa pa fè anyen.

Kominikasyon enpòtan. Nou te pale sou tout sa—kijan nou vle genyen orè a, woutin nan, elatriye. Nou te pataje opinyon nou, men si mwen te wè ke li te santi li diferan avèk mwen, mwen te senpleman pa bay opinyon mwen.

E konsa, lè diferans te prezante, mwen te eseye chase yo olye pale sou sa avèk pwofesè kòlèg mwen an. Nenpòt kijan, mwen te krenn espoze vrè mwen menm. Kounyeya lè mwen repase mwen, mwen dwe panse ke mwen pa t' konnen kijan vrèman kominike, kijan prete yon zòrèy konpreyansif. Mwen pa t' konprann kijan li te santi li, ni mwen pa t' di ouvètman kijan mwen te santi mwen, men mwen te vle respekte opinyon li.

E avèk sitiyasyon sa a, mwen te pèdi respè pou li. Sa te kreye yon lòt pwoblèm. Elèv yo te santi pwoblèm nou yo, ou pito, yo te wè ke nou pa t' rezoud yo. Ajoute sou sa, fason nou te aplike disiplin te diferan. E mank respè elèv yo te grandi. Pa yon sèl kou, men piti piti, jistan yon jou mank respè a te rive nan pi wo nivo li. Tansyon an te plis pase sa mwen te kapab sipòte. Anplis sa, sa te retire tout jwa ansèyman.

Finalman, komite lekòl la te pale avèk nou separeman. E se lè sa a kominikasyon reyèl la te kòmanse. Pwofesè kòlèg mwen an e mwen te chita ansanm e pale sou bagay yo jistan nou te genyen tout bagay klè. Avèk èd paran yo respè timoun yo te retabli. Lwanj pou Bondye!

Mwen te santi mwen anvi chante, e yon fwa

ankò mwen te kontan anseye. Trimès lekòl nou an te fini byen.

Mwen vle ankouraje tout pwofesè pou yo ouvè avèk yonn lòt. Ou kapab panse: “Lekòl la ap mache ase byen . . .” Poutan, zanmi, si genyen yon bagay patikilye, piti kou li sanble, kote ou santi ou diferan, pa ezite pale avèk pwofesè kòlèg ou a jantiman. Ouvè konsènan pwoblèm ou yo ede anpil nan rezoud yo. Lapriye Bondye chak jou, pandan ou ap mande sajès pou ede nan chak fason Li wè ki pi bon.

Kounyeya mwen kapab konsidere trimès lekòl sa a kòm yon mwayen avansman, yon lane anpil aprantisaj. E mwen rekonesan anpil anvè Bondye ke Li te renmen mwen ase pou montre mwen kote mwen t'aprale.

—Toujou ap aprann kòm yon fanm lakay

Atik sa a sòti nan *Blackboard Bulletin*, Nov. 2008
Pathway Publishers
Itilize avèk pèmisyon

Konsèy Pou Pwofesè Esperimante A

DONALD E. NEWSWANGER

Konsèy! Ala yon mo jenerasyon kounye a pa renmen. Anpil blag fèt konsènan mo sa a. “Chak moun fè sa ki parèt dwat nan je li.” “Non, mès, mwen kapab fè sa sèl.”

Antouka, mwen kwè ke m’ap ekri pou moun ki genyen yon mantalite diferan konsènan konsèy. Konsèy mwen va sitou pou sila yo ki vin genyen konpetans nan plis pase dis lane esperyans ansèyman. Ou ap anseye lontan ase pou santi valè pèsònèl konsèy ou resevwa. Poutan ou dwe kontinye devlope sajès pou distenge ant konsèy itil e konsèy ki pa twò enpòtan.

Nan Bib la, ou kapab wè kijan anpil moun te pwofite bon konsèy. Pa egzanp, konsidere konvèsasyon David avèk Abigayèl. Panse konsènan Jetwo e Moyiz, Naomi e Rit, Madoche e Estè, e lòt.

Menm ekriyen sekilye genyen bon lide konsènan resevwa e bay konsèy.

“Moun ki p’ap resevwa konsèy pa kapab resevwa èd. Si ou pa tandè rezon, li va frapè ou sou dwèt” (Franklin).

“Pa bay zanmi ou konsèy pi bèl, men konsèy pi avantaje” (Tuckerman).

“Konsèy tankou nèj; plis li tonbe dousman, plis li rete lontan e plis li plonje fon nan lespr a” (Coleridge).

Konsèy Konsènan Ou Menm

1. Avèk tout esperyans ou vin genyen nan plis pase dis lane ansèyman, ou aprann anpil fason e mwayen valab. Èske sa siyifi ou konnen tout bagay? Èske sa siyifi ou kapab vin yon tikras ògeye? Mwen kwè ou konnen bon repons lan. Se pa sèlman pwofesè fòme pwofesyonèlman an ki kapab genyen ògèy! Pran prekosyon pou ou pa vin awogan. Ògèy va desann yon nonm ba; konsa rete enb.

2. Rive moman ou anseye kenx oubyen ven lane, genyen anpil chans ke kèk nan ansyen etidyan ou yo kapab nan komite lekòl la oubyen nan gwoup ministeryèl la. Kounyeya, èske ou va santi ou kapab resevwa lòd nan men sila yo ki lontan te anba ou? Menm si ou panse yon moun kapab ap eseye tire revanj kont ou kounyeya—paske li pa t’kapab fè sa lè li te etidyan ou—sonje ke ou ap dirije anba otorite.

3. Genyen anpil chans tou ke ou va bezwen entegre nan fòs ansèyman an kèk nouvo lide nan men nouvo pwofesè. Ankò, kèk nan pwofesè sa yo kapab ansyen etidyan. Ou kapab panse: “Poukisa komite a te anplwaye li?” Èske ou dispoze, malgre sa, ede devlope pwofesè pi jenn yo? Reyèlman, yon bon pwofesè pa wè tèt li sèlman nan travay ansèyman li. Ou jwe yon wòl enpòtan nan

pèmèt kèk nan “glwa” ou tonbe sou nouvo pwofesè a. Non, ou pa bezwen fè twòp bagay pou li, men omwens ede li fè bagay dwat la.

4. Kòm ou ap anseye si lontan, ou kapab kounyeya genyen tan pou angaje nan kèk enterè lekòl anplis. Te dwe genyen kèk aktivite lwazi nan lane ki pase yo tou, men kounyeya kapab genyen plis. Bagay ki ogmante revni lekòl ou kapab ajoute sou woutin ou. Nòmman, enterè anplis ou a pa dwe yon aktivite konsène lekòl tankou ekri yon liv lekòl. Sa kapab fè pwofesè fatige twòp nan zafè lekòl. Tou, evite twò enplikè nan enterè sou kote yo pou li pa jennen travay lekòl ou.

5. Lè ou ap pwoche vè vennsenk lane ansèyman, ou kapab nan laj granparan yo. Nan laj sa a, yonn nan de bagay kapab kòmanse rive. Swa ou kapab vin pi fèb e jwenn li difisil pou leve kite chèz ou pou travay, oubyen ou kapab vin yon moun akaryat e tyak. Swa ou kapab pran pitye pou etidyan yo twòp pou travay di yo dwe sibi, oubyen ou kapab fikse tèt prensip rijid ke etidyan ou yo pa kapab fè ou kontan. Okenn nan sitiyasyon sa yo pa ta bon pou sal klas la.

Konsèy Konsènan Leson Ou Yo

1. Sonje kijan sa te ye lè ou te kòmanse anseye? Ou te fouye nan leson ou yo lontan e rèd. Ou te genyen antouzyas pou konprann sa ou pa t’kapab konprann lè ou te yon etidyan. Ou te antre nan klas ou yo avèk “chalè” ou. Ou te fè leson yo entèresan. Kounyeya, apre ou fin anseye nan menm liv sa yo dis a douz fwa, èske antouzyas sa a toujou nan prezantasyon ou yo? Li dwe toujou nan prezantasyon ou yo. Li kapab yon antouzyas pi mi, men yon antouzyas kanmenm. Kounyeya ou genyen tan pou bwè nan yon rivyè pi laj k’ap koule, ki siyifi etidyan ou yo pa genyen pou bwè nan yon letan kowonpi!

2. Piske ou anseye leson sa yo si anpil fwa, se posib yo sanble fasil pou ou. Men pa bliye, se premye fwa pou etidyan ou yo. Pou yo, leson an kapab sanble difisil pou konprann. Se yon lè pou ou pasyan, pèsistan e pozitif.

3. Pou ede elèv ou yo nan leson yo, anseye yo bon abidid etid. Se vre, anpil etid se yon fatig pou chè a. Poutan, anseye yo kijan etidye retire anpil nan fatig la. Diran lane yo, ou aprann kijan etidye e pran plezi nan etid, men èske ou kapab transmèt sa bay etidyan ou yo? Pa annik sipoze ke yo konnen kijan pou etidye.

Anseye timoun klas pi wo yo prensip lekti rapid. Montre yo kijan rezime yon liv oubyen yon chapit.

Anseye yo yon metòd etid syantifik tankou Rezime, Kesyon, Lekti, Deklarasyon e Tès. Anseye yo kijan itilize yon diksyonè rapidman. Anseye yo kijan pran nòt nan yon ekspoze. Sètènman, ou se yon pwofesè esperimante, konsa ou konnen tout bagay sa yo, men pa bliye enkilke nan yo leson reyèl ou yo.

4. O, wi, ki atant ou sou fason yo konplete leson yo? Èske lane yo epize atant ou yo? Fikse atant ou yo wo. E si yo pa fini? E si yo genyen anpil move repons? E si travay fèt avèk neglijan? E si . . . Genyen anpil e-si. Sonje, ou vle abitud etidyan ou yo zanmi yo e pa lènmi yo.

5. E konsènan korije leson etidyan yo e lòt travay? Nòt dwe sèvi kòm yon gid pou paran yo e etidyan an sou kijan elèv yo ap pèfòme selon atant pwofesè yo. Sa sipoze, sètènman, ke pwofesè a genyen atant. Kontinye ede elèv ou yo aprann ke genyen prensip fikse ke yo dwe atenn si yo vle yon siksè.

6. Pran prekosyon avèk trik ke panse edikasyon modèn prezante pou fè aprantisaj amizan. Metòd eseye-e-pwouve yo se pou moun konsèvatè. Aprann leson toujou yon travay difisil. Pòt zòrèy se prensipal chemen Bondye bay pou fè pase sèten leson. Etidye Bib la e note konbyen fwa li mande pou moun tandè. Anseye etidyan ou yo “koutè,” pa senpleman espere pwofesè va montre yo.

Konsèy Konsènan Etidyan Ou Yo

1. Sètènman, ou konnen ke paran elèv la konfye li nan men ou pou pran swen. Senpleman sonje: Timoun nan pa pou ou. Kèkfwa pwofesè esperimante devlope santiman ke paran pran pozisyon pou pitit yo. Mwen kapab panse yon bagay pi move pase sa—paran ki pa apresye pitit yo! Mwen ta poze kesyon sa a: si se te pitit ou ki te genyen pwoblèm sa yo, kijan ou ta swete pwofesè li reyaji nan sitiasyon an?

2. Malgre ou pa dwe fè espere fwase oubyen entimide timoun, ou menm kòm yon pwofesè dwe pi enterese nan yon timoun fè sa ki byen pase pou li santi li byen li menm. Pandan mwen sou sijè sa a, m'ap fè ou sonje ke sikoloji modèn pa dakò avèk imilite. Sa—imilite—se bagay ou bezwen devlope nan etidyan ou yo.

3. Sonje tou ke yon timoun antre nan lavi sa a avèk yon nati peche. Malgre timoun si chaman e si tann, poutan andedan yo genyen yon nati ki dwe fèt pou soumèt devan otorite ki sou tèt yo. Nan lekòl la, ou se otorite sa a. Se pou ou rekonesan ke paran yo fè travay yo byen sou pitit sa a. Sa fè travay ou pi fasil. Piga ou se moun ki lage yo.

4. Veye presyon sou tèt ou pou ou yon pwofesè yo byen renmen. Ou va genyen pou deside si ou vle yo byen renmen ou kounyeya oubyen nan dis lane pita. Ou pa toujou kapab genyen toulede. Malgre ou pa mekan anvé elèv ou yo, poutan ou pa yon gran frè (sè) pou yo nonplis. Defi ou se pou mache sou wout etwat la ant

kenbe distans pwofesyonèl e nourri afeksyon pèsone. Jezi yon fwa te di moun ki t'ap swiv Li yo: “Nou tout, se zanmi m' nou ye depi nou fè sa m' mande nou fè” (Jan 15:14). Malgre ou pa Jezi, ou bezwen swiv egzanp sa a.

5. Premye leson atidyan ou yo bezwen aprann se obeyisans. Apre sa ou kapab fè pwochen leson ou nenpòt sa ou vle. Etidyan ou yo bezwen wè ou kòm yon moun otorite. Yo dwe genyen yon bon jan krent e respè pou ou. Sonje ke nati fondamantal timoun se pou li kriyèl lè volonte yo limite. Si timoun pa anba yon disiplin fèm nan lekòl, ki kote yo va aprann “sipòte difikilte?” Prèske tout bagay bò kote yo dirije vè yon estil lavi mou. Lè ou kenbe yo nan disiplin, ou kapab ede yo pran yon chemen lavi fòme.

6. Si ou t'ap obsève, se posib ou remake atravè lane yo yon anfas sou relasyon. Se vre ke chak moun etabli e kenbe relasyon. Relasyon dwe etabli sou prensip konnen sa ki byen an e fè sa ki byen an. Si se pa sa, ou vin tankou politisyen an ki eseye zanmi avèk tout moun. Ou tandè pale konsènan sila yo ki eseye detèmine ki direksyon van an ap soufle e apre sa pran direksyon sa a. Men, nou menm frè e sè, se pou nou kenbe vrè prensip. Lè pwoblèm prezante, èske etidyan ou yo va wè ou kanpe kote yo te panse ou t'ap kanpe? Sa va ede etabli bon relasyon.

7. Èske ou va asepte yon lòt moso konsèy? Pa sèlman anseye timoun yo travay men anseye yo tou renmen travay yo. Travay di meprize nan sosyete modèn. Kijan ou konpran konsèp renmen travay la? Yon bagay ki ede yon timoun se wè pwofesè li renmen fouye nan travay li e pèsèvere.

Se pou persevere san neglije. Leson sa a te ede sove lavi yon tigason lè li te prèske nwaye nan yon letan mwatye fè glas. Lè moun ki te vini pote li sekou yo te rive kote li, yo te tandè li ap repete nan eta mwatye konsyan li: “Pou yon moun ewo se pou li reziste yon minit pi lontan.” Konsa anseye konsèp sa a bay etidyan ou yo, e aplike li ou menm.

Finalman, pa bliye bon konsèy ki pi aplikab pou nou. Ògèy ki pa domine genyen tandans pou fè nou satisfè avèk tèt nou. Men, pa kite sa vòlè nan men ou bon èd bò kote ou.

Pa bliye èd e enspirasyon Sentespri a. Apre ou fin lapriyè sou kouman pou dirije yon timoun ki konfye nan men ou, èske ou janm etone pou jan ou te rezoud sitiasyon an? Poutan sa te bagay sa a menm, fason out te lapriyè, ki te fè remake sou timoun nan. Ala yon esperyans beni e enb!

“Senyè, mwen konnen pèsone pa mèt tèt yo, pèsone pa ka kontwole kote yo prale” (Jeremi 10:23). E poutan ou resevwa apèl pou kontwole non sèlman kote ou menm ou prale men tou kote anpil timoun ki sou kont ou prale. Se pou Senyè a kontinye ba ou sajès pou fè sa.

moman Pwofesè Elèn te rive kote li. Li te kenbe men leve li, e rale li sòti sou ban li, e di byen fèm: “Izolman, Owenn.” Li te gide li nan chèz la, ak krent ke nan nenpòt moman li ta kapab genyen yon kriz kòlè, men li te senpleman rete nan chèz la ansilans, ap gade pandan pwofesè a ap fikse kwonomèt la. Lè li te sonnen, pwofesè a te gade li nan je e mande: “Èske ou pare pou travay byen sou papye kounyeya?”

Li te sekwe tèt li e kòmanse travay ak yon gwo enèji sou nouvo papye pwofesè a te lonje ba li, lè li te lonje li remèt ak yon souri triyonfan lè li te fini.

E se konsa jou lotòn yo te pase, yonn apre lòt, ki te souvan gen yonn oubyen de kriz kòlè Owenn. Lotòn te pase antre nan livè e Pwofesè Elèn te okipe ap prepare kanè mwaye trimès yo, ke paran yo ta remèt olye timoun yo, pou bay chak moun yon chans pou diskite kòman bagay yo t’ap mache.

Pwofesè Elèn te enterese patikilyèman nan rankontre ak fanmi Chowaltè ankò. Kisa yo t’ap panse kounyeya?

“Owenn reyèlman renmen pwofesè li!” Estè te rapòte ak yon souri, pandan li te kenbe men wouj frèt li yo pre recho bwa a nan sal klas la.

“Malgre tout bagay?” Pwofesè Elèn te mande tèt li byen sèk.

“Mwen panse okontrè se akòz tout bagay,” Tit te ajoute. “Mwen panse ou fè byen nan kenbe fèm ak li, nan egzije li kondwit apwopriye, e poutan montre li ke ou renmen li.”

“Mwen vrèman renmen li,” Pwofesè Elèn te di. “Malgre pwoblèm li yo, li se yon ti gason chaman anpil. Men mwen pa janm konnen reyèlman si m’ap fè okenn byen.”

“Mwen konnen!” Estè te sekwe tèt li ak gwo emosyon. “Lè ou nan mitan twazyèm oubyen katriyèm sesyon pou jounen an, sa fè ou tèlman fatige ke ou prèske pa kapab panse.”

“Mwen te panse mwen ta kapab abitye ak sa,” Pwofesè Elèn te admèt, “men mwen te jwenn ke menm si sa rive souvan, mwen te toujou gen jenou mwen yo fèb e ap tranble apre sa.” Li te ri enpe e ajoute: “Men mwen toujou eseye fè vwa mwen klè e jwaye pou li, paske yon fwa kriz la pase, li pa bezwen pwoblèm yon lòt moun!”

“Ou menm chè pwofesè!” je Elèn te plen ak dlo sanzatan. “Mwen konprann egzakteman sa ou di. Ou merite yon meday!”

“Pa plis pase ou,” Pwofesè Elèn te di. “Se ou menm ki ba li yon fanmi emab.”

Tit te netwaye gòj li. “Aa, èske ou kapab di nou anviwon depi kilè li te gen dènye kriz, isit nan lekòl la?”

“Mmm. Dènye a dwe se lè mwen pa ta kite li fè pwent kreyon li paske mwen te panse li te toujou fèt ase. E sa se te—kite mwen gade nan liv plan mwen.

Sanble se senpleman lòt jou, men petèt se te pi lontan sa.” Li te fèyte yon kantite paj. “Oo, men li. Jou 20 novanm.” Li te gade kalandriye a. “Mezanmi, sa se prèske twa senmenn pase!”

Tit te souri. “Sa sanble pwogrè! Èske ou te gen rapò sa a anvan sa?”

“Annou gade. Isit—non, se te pwoblèm yon lòt moun—mm, dakò, men li. Se te yon senmenn e demi anvan 20 novanm e sa a se te konsènan jwèt nan rekreyasyon. Li pa t’ anvi sa, konsa li te genyen yon kriz kòlè.”

“Mèveye! Sa se bon nouvèl!” Vwa Tit te kraze, e Pwofesè Elèn te konnen yo te renmenn Owenn kòm pwòp pitit yo. “Lè ou panse konsènan sòti nan de oubyen twa kriz chak jou, pou yonn chak de oubyen twa senmenn, . . .”

“Mwen panse ou gen rezon,” Pwofesè Elèn te di dousman. “Mwen te jis pa t’ pran tan pou wè sa pou tèt mwen. Èske se konsa sa ye lakay, tou?”

Tit e Estè te sekwe tèt yo. “Ajan sosyal la te vizite yè, e li kontan anpil ak fason sa prale,” Estè te di. “Mwen panse yo pare kouneya pou finalize plan adopsyon an, kounyeya yo wè sa ap mache pou Owenn.”

“Mwen tèlman kontan!”

Yo twa a te chita la ansilans pou yon minit. Apre sa Tit te fè yon ti ri. “Mwen konnen nou ankò ase nouvo nan travay paran sa a, men mwen panse nan yon reyinyon konsa nou sipoze jwenn nan men pwofesè a kòman nou kapab ede pitit gason nou an aprann pi byen lekòl. Oubyen yon bagay konsa.”

Pwofesè Elèn te ri tou. “Petèt pwochen fwa! Mwen panse nou tout kontan ak pwogrè ki fèt jiskisi. Annou espere e priye pou sa kapab kontinye.”

“Sa te fèt,” li te di Leya e Dodi, pandan li te kenbe ti tikwaz vèt la nan limyè a nan fenèt la. “Owenn finalman te sanble lage pase trist li a, pou anbrase nouvo lavi ere li te gen ak fanmi Chowoltè a. Rive prentan, kriz kòlè li yo te sispann antyèman, malgre mwen te toujou ap itilize chèz izolman kèkfwa.”

Pwofesè Elèn te lonje tikwaz la bay Leya. “Petèt bagay pi espesyal la konsènan premye ane sa a ak Owenn se te nan mwad me a, lè li te envite mwen vini nan seremoni adopsyon li nan tribinal la. Mwen te santi mwen onore anpil.”